

BAB III

PADIKA PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar lima hal anu patali jeung padika panalungtikan, nyaéta (1) rarancang panalungtikan, (2) data jeung sumber data, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) téhnik ngolah data, jeung (5) pakakas panalungtikan.


3.1 Rarancang Panalungtikan

Padika panalungtikan téh digunakeun minangka péso dina nalungtik hiji hal. Sakumaha nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 15), yén padika panalungtikan téh hakékatna mah mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data dumasar kana udagan jeung kagunaan anu tangtu. Anapon dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métodeu déskriptif. Ari pamarekan kualitatif digunakeun pikeun ningali tur maham kana masalah anu sabenerna, satuluyna didésripsikeun kalayan nyosok jero (Nugrahani, 2014, kc. 87). Saluyu jeung pamadegan Edlund & Nichols (2019, kc. 2), yén panalungtikan kualitatif biasana analisisna leuwih nyosok jero, lantaran maluruh sakumna situasi tina pananya panalungtikan. Ari nurutkeun Mills & Gay (2019, kc. 7) mah pamarekan kualitatif téh nyaéta ngumpulkeun, nganalisis, jeung interprétasi data naratif jeung visual (lain numerik) kalawan kompréhensif pikeun nyangking wawasan ngeunaan fénoména anu tangtu.

Dumasar kana dadar di luhur, bisa dicindekkeun yén pamarekan kualitatif téh mangrupa pamarekan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun, nganalisis jeung ngainterprétasikeun data naratif jeung visual kalayan nyosok jero. Ku kituna, dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif sangkan data museur kana léksikon kawanojaan anu kapaluruh tina novel basa Sunda nu geus ditangtukeun.

Satuluyna dina ieu panalungtikan dipaké métodeu déskriptif, sabab data anu dikumpulkeun téh baris dianalisis tur didésripsikeun hasil analisisna ngeunaan léksikon kawanojaan anu aya dina novel Sunda ngagunakeun ulikan struktural jeung sémantik, anu ngawengku warna léksikon, wanda léksikon, jeung harti léksikal. Ieu métodeu dipilih sangkan data anu dianalisis téh bisa kagambar jeung

kadéskripsikeun karakter data, kualitas jeung fénoménana. Sakumaha nurutkeun Sukmadinata (2011), yén métodeu déskriptif dipaké sangkan kontéks nu dibahas téh kagambar alami kalawan ngéstokeun karakteristik data, kualitas, jeung hubungan antar fénoména anu lumangsung. Ku kituna, rarancang atawa desain panalungtikan anu baris dilaksanakeun téh saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Rarancang Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh léksikon kawanojaan anu nyampak dina novel Sunda, boh mangrupa kecap boh mangrupa pakeman basa (idiom). Léksikon kawanojaan ngawengku

- 1) struktur léksikon,
- 2) wanda léksikon, jeung
- 3) harti léksikal.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun nyaéta sumber tinulis atawa sumber data *paper*. Sumber data *paper* mangrupa tanda-tanda atawa simbol nu bisa mangrupa keretas atawa barang-barang nu digunakeun dina métodeu dokuméntasi. Dina ieu panalungtikan sumber data ditangtukeun sacara *purposive sampling*. Ari *purposive sampling* nurutkeun Mills & Gay (2019, kc. 159 & 668) disebut ogé *judgement sampling*, nyaéta prosés milih sumber data anu dianggap bisa répréséntatif sarta dianggap paling rélévan jeung tujuan panalungtikan. Anapon carana nyaéta nyusun kriteria husus pikeun mastikeun yén data nu dikumpulkeun bisa nyangking gambaran anu jero tur lengkep ngeunaan masalah anu ditalungtik. Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan téh nya éta tilu novel basa Sunda nu suméndér kana kritéria saperti ieu di handap.

- 1) Novel dipilih anu puseur sawanganana atawa tokohna wanoja, anu dianggap ngandung ajén atawa aspék wanoja anu leuwih kuat;
- 2) Pangarang teu diwatesanan, boh lalaki boh awéwé sangkan ngalegaan anggapan gambaran wanoja (dina ngagunakeun léksikon kawanojaan);
- 3) Novel nu dipilih minangka carita répréséntasi stigma positif, négatif jeung nétralna wanoja.

Ku kituna, dumasar kana watesan atawa kritéria di luhur, dipilih tilu novel ieu di handap minangka sumber data anu ngawakilan masing-masing stigma.

3.2.2.1 *Pipisahan* karya RAF (Rahmatullah Ading Afandi)


Idéntitas Buku

Édisi Munggaran

Penerbit:	Pustaka Jaya
Tempat Terbit:	Bandung
Taun Terbit:	1977
Kandel Buku:	110 kaca

Édisi Kiblat Buku Utama

Penerbit:	PT Kiblat Buku Utama
Tempat Terbit:	Bandung
Taun Terbit:	2018
Kandel Buku:	110 kaca



Gambar 3.1
Cover Novel *Pipisahan*

Tingkesan Carita

Pipisahan nyaritakeun kahirupan Emin, hiji istri nu ngalakonan kahirupan rumah tanggan nu beurat. Manéhna ngadadak dipirak ku salakina lantaran aya *campur tangan* mitohana, nyaéta Mama Sukarna. Mitohana maksa sangkan anakna (salaki Emin) mirak Emin tur kawin deui jeung awéwé séjén pilihanana, nyaéta Éja, anu dianggap leuwih pantes tina segi sosialna, lantaran salaki Emin téh salaku juru tulis di kecamatan anu tuluy naék jadi di kabupatén. Padahal, salaki Emin téh masih bogoh ka Emin, tapi salakina teu bisa nolak kana paménta nu jadi kolotna. Kacaritakeun Emin anu geus dipirak tuluy balik ka lemburna bari mawa budak nu panengah jeung nu bungsu.

Sabadana di lembur, Emin embung ngan saukur cicing dahar ti kolot, manéhna tuluy usaha ngiriditkeun baju jeung samping, mapay-mapay lembur. Mimitna saeutik nepi ka raména nu ngiridit ka Emin, anu panghasilanna bisa nutupan pangabutuh sapopoé manéhna jeung anak-anakna. Sabada sababaraha lila, mantan salakina Emin téh gering parna. Cenah hayang kalongok ku barudakna. Kacaritakeun mantan salakina téh miang ka jagjag, malah mah geus

bisa ka cai sorangan. Tapi, teu lila ti dinya, manéhna ngantunkeun. Emin jeung Éja kacida sedihna, mantan salakina ngantunkeun 3 putra.

Dina maju ka tungtung carita, kacaritakeun yén ahirna bagi waris, Mama Sukarna (mitohana Emin) téh nu loba barang bawana kana barang nu dibagikeun téh. Anapon Éja jeung Emin mah mawa sakumaha hakna budakna masing-masing, sabab nalika salakina ngantunkeun téh Éja keur kakandungan. Tungtung carita, Emin téh mampuh ngurus 3 budakna nepi ka suksés tur ngarumah tangga tiluanana, nepi ka boga incu 15. Ari Éja kacaritakeun kawin deui.

Ieu novel ningalikeun kumaha usahana hiji wanoja dina nuluykeun hirup sabada jadi randa. Satékah polah narimakeun putusan mitohana nu féodal nalika kudu ditalak, malah nepi ka masalah bagi waris. Salian ti éta, ieu novel o ogé némbongkeun usahana wanoja satékah polah ngahirupan tur ngurus anakna nepi ka suksés jeung ngarumah tangga.

3.2.2.2 *Puputon* karya Aam Amilia


Idéntitas Buku

Édisi Munggaran

Penerbit:	Rahmat Cijulang
Tempat Terbit:	Bandung
Taun Terbit Munggaran:	1974
Kandel Buku:	89 kaca

Édisi Kiblat Buku Utama

Penerbit:	PT Kiblat Buku Utama
Tempat Terbit:	Bandung
Taun Terbit:	2020
Kandel Buku:	89 kaca



Gambar 3.2
Cover Novel *Puputon*

Tingkesan Carita

Ieu novel *Puputon* karya Aam Amilia téh nyaritakeun ‘cinta segitiga’ antara Mamay-Ismét-Astri. Ari Astri téh bojo Ismét nu kahiji, geus sapuluh taun ngarumah tangga tapi teu boga turunan lantaran Astri divonis gabug ku dokter. Mimitina Ismét narimakeun, tapi ku lantaran Ismét teu tahan ku ningali babaturanana nu geus boga budak, tungtungna maméhna ngarangkep ka Mamay nu jadi guru SD. Tangtuna Ismét kawin ka Mamay téh susulumputan, lantaran Astri kungsi ngancam rék maéhan manéh saupama dicandung. Ka Astri, sabenerna Ismét masih mikacinta, tapi ka Mamay ogé bogoh.


Masalah muncul deui nalika Mamay kakandungan/bobot, tuluy rék ngalahirkeun, kolotna Astri téh ngantunkeun. Mamay nu rék ngalahirkeun teu dibaturan ku Ismét, manéhna ngarasa dirina dijadikeun cocooan wungkul. Sabada orokna lahir, Mamay téh diopnameu di rumah sakit lantaran teu bisa nahan émosi nalika inget ka Ismét sanepina di imah. Kulantaran Mamay keur di rumah sakit, orok téh nu ngaranna Ati, dibawa ku Ismét ka imahna Astri, diakukeun anakna meunang ngadopsi ti panti asuhan. Tapi, rusiahna kabongkar nalika ibuna Ismét ngalongok. Ka ibuna, Ismét balaka yén éta orok téh lain budak batur, tapi budak manéhna ti nu ngora. Sabada Astri ngadéngé éta obrolan mimitina Astri teu narima, ménta ditalak. Tapi kacaritakeun Astri téh narima kana kaayaan tuluy ngarorok Ati.

Satuluyna, sabada sabulan Ati diurus ku Astri, Mamay téh nepungan Astri kalawan maksud rék mawa Ati. Saenggeus panggih, Mamay sadar yén manéhna téh geus ngaruksak kabagjaan papada awéwé. Tungtuna Mamay téh ménta dipirak jeung rék mawa anakna. Padahal Astri gé geus mundur sangkan méré kasempetan keur Ismét jeung Mamay ngarumah tangga. Dina tungtung carita, Mamay dipirak sarta anakna dibawa. Ari Astri cicing di bibina, teu daék balik hirup babarengan jeung Ismét saméméh Mamay kawin deui.

3.2.2.3 *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E.

Idéntitas Buku

Penerbit:	PT Kiblat Buku Utama
Tempat Terbit:	Bandung
Taun Terbit:	2002
Kandel Buku:	185 kaca



Gambar 3.3
Cover Novel *Kembang-Kembang Petingan*

Tingkesan Carita

Novel *Kembang-Kembang Petingan*, nyaritakeun lalakon kahirupan Tita atawa Enok nu kapaksa jadi ungluk atawa WTS di kota saenggeus ditinggalkeun kawin deui ku salakina. Sakola ngan saukur nepi ka SD bari teu tamat sarta boga tanggung jawab pikeun ngahirupan kulawargana, dua kolotna, dua anak, jeung hiji adi, maksa Enok pikeun nyumponan kabutuh hirupna ku jalan anu dianggap hina ku masarakat, sabada diajakan ku Bi Imas.

Dina hiji poé, Tita/Enok téh kadatangan tamu istimewa ti Mamih, anu geuning éta téh bapana Pipit, babaturan Tita basa di sakola. Mimitina mah bageur, mangmeulikeun bahan bangunan keur di imahna di kampung. Tapi geuning, bapana Pipit téh kalah ngabolékérkeun ngabongkar rusiah Tita nu gawé jadi ungluk. Ti dinya, kolotna Tita/Enok téh kacida cua jeung geuleuh ka manéhna, lantaran cenah diparaban tina ladang haram. Tapi, sedihna Tita/Enok téh teu weléh leler ku Handi.

Kacaritakeun ari salila jadi ungluk téh manéhna boga langganan, ngaranna Handi. Sabadana Tita/Enok téh kanyahoan ku kolotna, dina hiji poé Handi téh ngomong nu sabenerna ka Tita/Enok, yén manéhna téh nyaah tur boga maksud hadé rék ngawin ka Enok, ngangkat ti tempat gawéna éta, méré kasempetan sangkan Enok balik deui jadi awéwé bener. Sok sanajan kahirupan sabada kawin jeung Handi téh angger pinuh ku cocoba. Lantaran, Enok téh jadi pamajikan anu kadua. Tangtuna loba karémpan itu jeung ieuna. Ongkoh

pamajikan Handi nu kahiji téh teu bisa boga turunan, lantaran pianakanana geus dioperasi.

Sabada ngarumah tangga jeung Handi, Enok hirup kalawan jadi *ibu rumah tangga* tur pamajikan anu tanggung jawab, lantaran manéhna sadar diri yén Handi téh geus ngangkat darajatna. Ngan hanjakal, lingkunganana anu anyar téh teu narima aya urut ungkluk di dinya, kitu sotéh lantaran babaturan Tita anu masih di Mamih sok ulin ka imahna kalawan papakéan anu sarwa séksi. Atuh ti dinya, tatanggana jadi pada teu resep.

Acan lila Enok/Tita ngarumah tangga jeung Handi, mangsa keur kandunganana asup tujuh bulan, keur hamil gedé, Enok téh pareng didatangan ku pamajikan ngora Handi ka imahna. Bari ambek, pamajikan Handi teu narima yén salakina kawin deui, sok komo jeung urut ungkluk. Enok teu walakaya, ngan bisa ngajawab sabisana jeung galécok dina jero haténa. Teu kacaritakeun kumaha tungtungan Tita jeung Handi téh. Nu pasti, éta kajadian jadi babalik pikirna jeung galécokna haté Tita anu muka lawang pananya manéhna: naha rék tuluy merjoangkeun hak jadi jelema bener atawa rék balik deui kana jurang kanistaan?

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, data dikumpulkeun ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Luyu jeung pamadegan Arikunto (2016, kc. 158), yén téhnik dokuméntasi mangrupa téhnik anu ngalibetkeun panalungtik kana wangun tulisan-tulisan seperti buku-buku, majalah, dokumén, catetan poéan, jsb. Ku kituna, dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik studi pustaka. Ulikan pustaka atawa studi pustaka dilakukeun pikeun meunangkeun objék panalungtikan anu sumberna tinulis sarta pikeun néangan tiori-tiori jeung sumber anu ngarojong kana panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun sumber tinulis nu rék diulik, nyaéta novel basa Sunda.
- 2) Macaan sumber tinulis nu jadi sumber data.
- 3) Nyirian léksikon kawanojaan.
- 4) Nyalin léksikon kawanojaan kana kartu digital.

Dina prosés ngumpulkeun datana, léksikon kawanojaan anu dicirian téh dumasar kana itungan alinéana dina éta kaca pikeun dijadikeun patokan kode sumber data. Satuluyna unggal kalimah pagumeman anu ganti jajaran tur ngelok ka jero diitung saalinéa. Sakumaha nurutkeun Tamsyah (2015, kc. 26), yén alinéa téh ganti jajaran atawa ditandaan ku jajaran kahiji anu ngelok atawa spasi nu leuwih anggang jeung tungtung alinéa séjénna.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun analisis unsur langsung (*intermediate constituent analysis*), dumasar kana ulikan struktural jeung sémantik. Ulikan struktural digunakeun pikeun nganalisis warna kecap kawanojaan tina morfém-morfémna. Ari ulikan sémantik digunakeun pikeun nganalisis léksikon kawanojaan tina wanda jeung harti léksikalna.

Sacara umum, téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan kabagi jadi opat tahap, nyaéta ti mimiti nataharkeun data, ngaklasifikasikeun, analisisna, nepi ka nyindekkeun. Dina nataharkeun data, panalungtik nyiapkeun sakabéh data anu kapaluruh ngeunaan léksikon kawanojaan jeung ditingali harti léksikalna tina *Kamus Basa Sunda* (Danadibrata, 2009), *Kamus Umum Basa Sunda* (LBSS, 2015), jeung *Kamus Étimologi Sunda* (Tamsyah, 2015). Satuluyna data diklasifikasikeun dumasar kana tataranana, boh warnana boh wandana. Sabada kitu, panalungtik nganalisis kana unggal data anu geus diklasifikasikeun tuluy didéskripsikeun ngeunaan léksikon kawanojaanana. Dipungkas ku nyindekkeun hasil analisis dumasar kana data jeung déskripsi anu geus diolah. Ari léngkah-léngkahna diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyusun sacara alfabétis daptar léksikon kawanojaan;
- 3) Nyieun papasingan léksikon kawanojaan dumasar kana struktur kecapna nyaéta warna kecapna;
- 4) Nganalisis léksikon-léksikon kawanojaan dumasar kana warna kecap, wanda kecap, jeung hartina;

- 5) Ngadéskripsikeun léksikon-léskikon kawanojaan dumasar kana warna kecap, wanda kecap, jeung hartina;
- 6) Nafsirkeun léksikon-léksikon kawanojaan dumasar kana struktur kecap, wanda kecap, jeung hartina;
- 7) Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

3.5 Pakakas Panalungtikan

Pakakas atawa instrumén panalungtikan nyaéta alat-alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasikeun sagala informasi dina panalungtikan. Luyu jeung pamadegan Nasution (2016, kc. 64), yén pakakas panalungtikan téh mangrupa alat pikeun ngumpulkeun, ngolah, nganalisis, jeung midangkeun data sacara objéktif jeung sistematis. Ieu pakakas panalungtikan téh gumantung kana métodeu nu digunakeunana. Anapon dina ieu panalungtikan digunakeun kartu data digital jeung tabél klasifikasi.

3.5.1 Pakakas Ngumpulkeun Data

Pakakas nalika ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun kartu data digital, dumasar kana téhnik dokumentasi. Dokumentasi digunakeun pikeun maluruh kosa kecap anu aya dina karya novel Sunda, ari kartu data digital digunakeun keur nyatetkeun daptar kosa kecap anu kapaluruh tina sumber data. Eusi kartu data digital ngawawarkeun ngeunaan (1) léksikon kawanojaan, (2) kode sumber data (KKP/13/02/KB), anu dibaca *kembang-kembang Petingan*, kaca, paragraf, warna kecap; (3) wanda kecap, jeung (4) harti kecap.

Tabél 3.1 Kartu Data Digital

Kartu Data
Kecap:
Kode Data: (Sumber data/Kaca/Alinea/Warna kecap)
Wanda Kecap: properti/rarangkén
Warna Kecap: barang
Harti Kecap:

Keterangan:

Kode Data: (Sumber data/Kaca/Alinea/Warna kecap)

- 1) KKP: *Kembang-Kembang Petingan*, sumber data
- 2) 13: kaca dina buku
- 3) 02: alinéa dina kaca, dumasar kana data nu kapaluruh
- 4) KB: warna kecap

3.5.2 Pakakas Ngolah Data

Pakakas dina ngolah data nyaéta tabél analisis. Tina hasil ngumpulkeun kartu data, tuluy disalin kana tabél analisis dumasar kana papasinganana, ti mimiti strukturalna nyaéta warna kecap, nepi ka léksikosémantikna. Anapon conto kartu datana saperti ieu di handap.

Analisis warna léksikon ngawengku kecap barang, kecap pagawéan, kecap sipat, jeung kecap bilangan. Format analisisna ébréh saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Warna Léksikon Kawanojaan

No.	No. Data	Léksikon	f	Warna			
				KB	KP	KS	KBil

Keterangan:

f : frékwénsi

KB : Kecap barang

KP : Kecap pagawéan

KS : Kecap sipat

Kbil: Kecap bilangan

Analisis wanda léksikon kawanojaan ngawengku kaayaan awak, watek, properti atawa rarangkén wanoja, paripolah, jeung pancakaki. Format analisisna ébréh saperti ieu di handap.

Tabél 3.3 Wanda Léksikon Kawanojaan

No.	No. Data	Léksikon	f	Wanda				
				KA	Wtk	Rrkn	Par.	PK

Keterangan:

f : frékwénsi
 KA : Kaayaan Awak
 Wtk : Watek
 Rrkn : Rarangkén atawa properti
 Par. : Paripolah
 PK : Pancakaki

Analisis harti léksikon kawanojaan dumasar kana ulikan léksikosémantik disawang tina segi wangun, warna, jeung kontéksna. Format analisisna ébréh saperti ieu di handap.

Tabél 3.4 Harti Léksikal Kawanojaan

No.	No. Data	Léksikon	f	Harti

Anapon ari analisis léksikon kawanojaan dumasar kana ulikan struktural (warna) jeung sémantik (wanda jeung harti). Format analisisna ébréh saperti ieu di handap.

Tabél 3.5 Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

No. Data	Léksikon	f	Warna				Wanda				
			KB	KP	KS	Kbil.	KA	Wtk	Rrkn	Par.	PK

BAB IV

HASIL PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar hasil panalungtikan anu mangrupa hasil analisis jeung dadaran ngeunaan léksikon kawanojaan dina novel Sunda. Aya tilu hal anu baris didadarkeun tur dipedar, nyaéta (1) struktur léksikon kawanojaan tina jihat warnana, (2) wanda léksikon kawanojaan, jeung (3) harti léksikal istilah léksikon kawanojaan. Ieu hasil panalungtikan téh minangka jawaban tina rumusan masalah jeung udagan panalungtikan dumasar kana data anu kapanggih.

4.1 Wangun Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

Data léksikon kawanojaan dipaluruh tina tilu novel basa Sunda anu palaku utamana wanoja, jumlahna kapanggih aya 110 léksikon anu frékwénsi munculna 1965 kali. Sangkan leuwih tétéla, data léksikonna bisa diilikan dina ieu tabél di handap.

Tabél 4.1 Data Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

No.	No. Data	Léksikon	Kode	<i>f</i>
1	2	3	4	5
1	(001)	Aceuk	PPSH/41/11/KB PPTN/36/13/KB Jsté. (ilikan lampiran)	71
2	(002)	Awéwé	PPSH/16-17/4/KB PPTN/14/1/KB KKP/19-20/11-1/KB Jsté. (ilikan lampiran)	148
3	(003)	Awéwé bangor	KKP/12/5/KB KKP/13-14/14-1/KB Jsté. (ilikan lampiran)	67
4	(004)	Awéwé dagangan	KKP/43/9/KB	1
5	(005)	Babar	PPTN/32/16/KP	1
6	(006)	Bayur	KKP/50/9/KB KKP/50/10/KB KKP/50/11/KB	3
7	(007)	Béha	KKP/21/14/KB	1

No.	No. Data	Lésikon	Kode	f
1	2	3	4	5
8	(008)	Bi	PPSH/10/6/KB PPTN/9/14/KB KKP/35/3/KB Jsté. (ilikan lampiran)	193
9	(009)	Bibi	PPSH/12/2-1/KB PPTN/9/14/KB KKP/135/2/KB Jsté. (ilikan lampiran)	62
10	(010)	Bidan	PPTN/39/7/KB PPTN/42/7/KB Jsté. (ilikan lampiran)	13
11	(011)	Bikang	KKP/91/12/KB	1
12	(012)	Bojo	PPSH/7/5/KB PPSH/26/5/KB Jsté. (ilikan lampiran)	20
13	(013)	Bu	PPTN/23/02/KB KKP/108/4/KB Jsté. (ilikan lampiran)	24
14	(014)	Ceu	PPTN/07/11/KB KKP/31/10/KB Jsté. (ilikan lampiran)	42
15	(015)	Ceuk	PPSH/41-42/11/KB Jsté. (ilikan lampiran)	23
16	(016)	Daster	KKP/153/5/KB KKP/132/3/KB	2
17	(017)	Démplon	KKP/139/7/KS	1
18	(018)	Dicandung	KKP/144/2/KP KKP/118/4/KP	2
19	(019)	Dikawin	PPSH/44/3/KP KKP/43/3/KP Jsté. (ilikan lampiran)	9
20	(020)	Diperkosa	KKP/42/6/KP KKP/43/3/KP	2
21	(021)	Dipiindung	PPSH/42-43/5/KP PPSH/43/8/KP PPSH/45/4/KP	3
22	(022)	Dipirak	PPTN/86/5/KP PPTN/87/13/KP	2
23	(023)	Dirapalan	KKP/128/4/KP PPSH/106/9/KP	2
24	(024)	Diserahkeun	KKP/185/1/KP	1
25	(025)	Diwayuh	PPTN/48/10/KP	1
26	(026)	Dulang tinandé	PPTN/45/2/KS	1
27	(027)	Ema	PPSH/10/3/KB PPTN/43/4/KB KKP/69/3/KB	180

No.	No. Data	Lésikon	Kode	f
1	2	3	4	5
			Jsté. (ilikan lampiran)	
28	(028)	Embi	PPSH/82/8/KB PPSH/83/3/KB PPSH/83/6/KB PPSH/83/9/KB	4
29	(029)	Émok	PPSH/25/8/KP	1
30	(030)	Encit	PPSH/67/11/KB Jsté. (ilikan lampiran)	4
31	(031)	Endén	PPSH/12/03/KB PPTN/10/1/KB KKP/135/3/KB Jsté. (ilikan lampiran)	47
Jsté. (ilikan lampiran)				

Saupama ditataan hiji-hiji, léksikon anu muncugna téh nyaéta (1) aceuk, (2) awéwé, (3) awéwé bangor, (4) awéwé dagangan, (5) babar, (6) bayur, (7) béha, (8) bi, (9) bibi, (10) bidan, (11) bikang, (12) bojo, (13) bu, (14) ceu, (15) ceuk, (16) daster, (17) démplon, (18) dicandung, (19) dikawin, (20) diperkosa, (21) dipiindung, (22) dipirak, (23) dirapalan, (24) diserahkan, (25) diwayuh, (26) dulang tinandé, (27) ema, (28) embi, (29) émok, (30) encit, (31) endén, (32) enéng, (33) enin, (34) enung, (35) erok, (36) erok mini, (37) erolan, (38) euceu, (39) euis, (40) garwa, (41) gelung, (42) geulang, (43) geulis, (44) geulis rancunit, (45) ibi, (46) ibu, (47) ibu rumah tangga, (48) indung, (49) istri, (50) jeng, (51) kabaya, (52) kaca hias, (53) kakandungan, (54) kandungan, (55) kembang goyang, (56) kiték, (57) kongkorong, (58) kosmétik, (59) kurabu, (60) langsing, (61) lanjang, (62) lipen, (63) lipensetip, (64) ma, (65) mah, (66) ménor, (67) mamah, (68) mamih, (69) maru, (70) méja hias, (71) méja rias, (72) mih, (73) mik ap, (74) mojang, (75) montok, (76) mukena, (77) ndén, (78) néng, (79) ngaenénan, (80) ngajuru, (81) ngalahirkeun, (82) ngandung, (83) nini, (84) nyai, (85) nyi, (86) nyiram, (87) palacur, (88) pamajikan, (89) parawan, (90) patlot halis, (91) pun biang, (92) putri, (93) rahim, (94) randa, (95) ratu, (96) reuneuh, (97) rok mini, (98) samping, (99) sédow, (100) selop, (101) sendal jangkung, (102) sinjang, (103) suster, (104) téh, (105) tétéh, (106) ungkluk, (107) wanita, (108) wanoja, (109) wedak, jeung (110) WTS.

Dumasar kana hasil analisis data, léksikon anu réa muncul nyaéta kecap (1) *indung* (113 frékwénsi), (2) *awéwé* (148 frékwénsi), (3) *ema* (180 frékwénsi), (4) *bi* (193 frékwénsi), jeung (5) *mamih* (195 frékwénsi). Ari anu frékwénsi makéna kurang ti lima kali aya 60 léksikon, anu muncul sakali aya 35 léksikon saperti *bikang*, *démplon*, *kiték*, *kurabu*, jst., anu munculna dua kali aya 14 léksikon saperti *daster*, *dicandung*, *garwa*, *kongkorong*, jst., anu munculna tilu kali aya 8 léksikon saperti *bayur*, *dipiindung*, *gelung*, jst., anu muncul opat kali aya 3 léksikon saperti *embi*, *encit*, *kandungan*, *enéng*, jst.

Tina 110 jumlah data léksikon kawanojaan anu kapaluruh, dianalisis tur didadarkeun (1) warna léksikonna, (2) wanda léksikonna, jeung (3) harti léksikalna.

4.2 Warna Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

Warna léksikon kawanojaan dina ieu panalungtikan nyoko kana kecap lulugu, nyaéta kecap-kecap anu ngandung ma'na léksikal saperti kecap barang, kecap pagawéan, jeung kecap sipat. Tina 110 léksikon téh kapaluruh aya dina wangun léksikon barang 86 data, léksikon pagawéan 17 data, jeung léksikon sipat aya 7 data, saperti ébréh dina ieu tabél di handap.

Tabél 4.2 Warna Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

No.	No. Data	Léksikon	<i>f</i>	Warna			
				KB	KP	KS	Kbil.
1	2	3	4	5	6	7	8
1	(001)	Aceuk	71	✓			
2	(002)	Awéwé	148	✓			
3	(003)	Awéwé bangor	67	✓			
4	(004)	Awéwé dagangan	1	✓			
5	(005)	Babar	1		✓		
6	(006)	Bayur	3	✓			
7	(007)	Béha	1	✓			
8	(008)	Bi	193	✓			
9	(009)	Bibi	62	✓			
10	(010)	Bidan	13	✓			
11	(011)	Bikang	1	✓			
12	(012)	Bojo	20	✓			
13	(013)	Bu	24	✓			

No.	No. Data	Lésikon	f	Warna			
				KB	KP	KS	Kbil.
1	2	3	4	5	6	7	8
14	(014)	Ceu	42	✓			
15	(015)	Ceuk	23	✓			
16	(016)	Daster	2	✓			
17	(017)	Démplon	1			✓	
18	(018)	Dicandung	2		✓		
19	(019)	Dikawin	9		✓		
20	(020)	Diperkosa	2		✓		
21	(021)	Dipiindung	3			✓	
22	(022)	Dipirak	2		✓		
23	(023)	Dirapalan	2		✓		
24	(024)	Diserahkeun	1		✓		
25	(025)	Diwayuh	1		✓		
26	(026)	Dulang tinandé	1			✓	
27	(027)	Ema	180	✓			
28	(028)	Embi	4	✓			
29	(029)	Émok	1		✓		
30	(030)	Encit	4	✓			
31	(031)	Endén	47	✓			
Jsté. (ilikan lampiran)							

Dumasar kana tabél data 4.2 di luhur, ébréh yén warna léksikon kawanojaan nu kapaluruh dina novel Sunda téh aya dina warna léksikon barang, léksikon pagawéan, jeung léksikon sipat.

4.2.1 Léksikon Kawanojaan Barang

Léksikon kawanojaan barang nyoko kana rupa-rupa léksikon atawa istilah anu patali jeung kawanojaan dina warna léksikon barang. Ari ciri-ciri léksikon barang téh di antarana waé, nyaéta (1) nuduhkeun barang jeung naon-naon nu dianggap barang, jeung (2) bisa dipiheulaan ku kecap *lain*. Hasil analisis data manggihan aya 86 léksikon kawanojaan barang. Sangkan leuwih jéntré, bisa diilikan dina conto data ieu di handap.

- 1) (001) aceuk (PPSH/41/11/KB; PPTN/36/13/KB)
- 2) (002) awéwé (PPSH/16-17/4/KB; PPTN/14/1/KB)
- 3) (003) awéwé bangor (KKP/12/5/KB; KKP/13-14/14-1/KB)
- 4) (004) awéwé dagangan (KKP/43/9/KB)
- 5) (005) béha (KKP/21/14/KB)

Jst. (ilikan lampiran)

Dina data 1—5 di luhur, léksikon *aceuk*, *awéwé*, *awéwé bangor*, *awéwé dagangan*, jeung *béha* kagolong kana léksikon barang lantaran nuduhkeun barang manusa atawa manusana éta sorangan. Sajaba ti éta, kecap-kecap téh bisa dipiheulaan ku kecap pamungkir *lain* saperti dina frasa *lain aceuk*, *lain awéwé*, *lain awéwé bangor*, *lain awéwé dagangan*, jeung *lain béha*. Lamun dibagankeun, ébréh saperti ieu di handap.

$$\textit{lain} \left\{ \begin{array}{l} \textit{aceuk} \\ \textit{awéwé} \\ \textit{awéwé bangor} \\ \textit{awéwé dagangan} \\ \textit{béha} \end{array} \right\}$$

Léksikon kawanojaan *aceuk*, *awéwé*, jeung *béha* mangrupa kecap barang dina wangun kecap asal, ari léksikon kawanojaan *awéwé bangor* jeung *awéwé dagangan* mangrupa léksikon barang dina wangun kecap kantétan rakitan anggang.

Data léksikon kawanojaan barang séjénna anu leuwih lengkep anu jumlahna 86 léksikon bisa diilikan dina lampiran.

4.2.2 Léksikon Kawanojaan Pagawéan

Léksikon kawanojaan pagawéan nyoko kana rupa-rupa léksikon atawa istilah anu patali jeung kawanojaan dina warna kecap pagawéan. Ari ciri-ciri léksikon pagawéan téh di antarana waé, nyaéta (1) nuduhkeun kalakuan, prosés, atawa kaayaan, jeung (2) bisa dipiheulaan ku kecap *(hen)teu*. Hasil analisis data manggihan aya 17 léksikon kawanojaan pagawéan. Sangkan leuwih jéntré, bisa diilikan dina conto data ieu di handap.

- 1) (005) babar (PPTN/32/16/KP)
- 2) (018) dicandung (KKP/144/2/KP; KKP/118/4/KP)
- 3) (029) émok (PPSH/25/8/KP)

4) (080) ngajuru (PPSH/106/3/KP; PPTN/33/4-1/KP; KKP/38/1/KP)

5) (082) ngandung (PPSH/10/4/KP)

Jst. (ilikan lampiran)

Dina data 1—5 di luhur, léksikon *babar*, *dicandung*, *émok*, *ngajuru*, jeung *ngandung* kagolong kana léksikon pagawéan lantaran nuduhkeun pagawéan manusa, boh migawé boh kakeunaan pagawéan. Sajaba ti éta, kecap-kecap téh bisa dipiheulaan ku kecap pamungkir *(hen)teu*, saperti dina frasa *henteu babar*, *henteu dicandung*, *henteu émok*, *henteu ngajuru*, jeung *henteu ngandung*. Lamun dibagankeun saperti ieu di handap.

$$henteu \left\{ \begin{array}{l} babar \\ dicandung \\ émok \\ ngajuru \\ ngandung \end{array} \right\}$$

Léksikon kawanojaan *babar* jeung *émok* mangrupa léksikon pagawéan dina wangun kecap asal, ari léksikon *dicandung*, *ngajuru*, jeung *ngandung* mangrupa léksikon barang dina wangun kecap rundayan.

Data léksikon kawanojaan pagawéan séjénna anu leuwih lengkep anu jumlahna 17 léksikon bisa diilikan dina lampiran.

4.2.3 Léksikon Kawanojaan Sipat


Léksikon kawanojaan sipat nyoko kana rupa-rupa kecap atawa istilah anu patali jeung kawanojaan dina warna kecap sipat. Ari ciri-ciri léksikon sipat téh di antarana waé, nyaéta (1) nuduhkeun sipat atawa kaayaan, (2) bisa dipiheulaan ku kecap *(hen)teu*, *leuwih*, atawa *paling*, jeung (3) bisa dirarangkénan *pang--na*. Hasil analisis data manggihan aya 7 léksikon kawanojaan sipat. Sangkan leuwih jéntré, bisa diilikan dina data ieu di handap.

1) (017) démplon (KKP/139/7/KS)

2) (021) dipiindung (PPSH/42-43/5/KP; PPSH/43/8/KP)

- 3) (026) *dulang tinandé* (PPTN/45/2/KS)
- 4) (043) *geulis* (PPSH/95/11/KS; PPTN/17/7/KS; KKP/16/6/KS)
- 5) (044) *geulis rancunit* (PPTN/11/1/KS; PPTN/46/19/KS)
- 6) (060) *langsing* (KKP/52/9/KS)
- 7) (075) *montok* (KKP/52/9/KS)

Dina data 1—7 di luhur, léksikon *démplon*, *dipiindung*, *dulang tinandé*, *geulis*, *geulis rancunit*, *langsing*, jeung *montok* kagolong kana léksikon sipat lantaran nuduhkeun sipat atawa kaayaan manusa. Sajaba ti éta, kecap-kecap téh bisa dipiheulaan ku *(hen)teu*, *leuwih*, atawa *paling* saperti dina frasa *paling démplon*, *paling dipiindung*, *paling dulang tinandé*, *paling geulis*, *paling geulis rancunit*, *paling langsing*, jeung *paling montok*. Kitu ogé bisa dirarangkénan *pang--na* saperti dina léksikon *pangdémplonna*, *pangdipiindungna*, *pangdulangtinandéna*, *panggeulisna*, *panggeulisanrancunitna*, *panglangsingna*, jeung *pangmontokna*. Lamun dibagankeun, ébréh saperti ieu di handap.



Léksikon kawanojaan *démplon*, *geulis*, *langsing*, jeung *montok* mangrupa léksikon sipat dina wangun asal. Ari léksikon *dulang tinandé* mangrupa léksikon sipat dina wangun babasan atawa kecap kantétan rakitan dalit, kitu ogé léksikon *geulis rancunit* mah mangrupa léksikon sipat dina wangun babasan atawa kecap kantétan rakitan anggang. Ari léksikon *dipiindung* mangrupa léksikon sipat dina wangun kecap rundayan.

Dumasar kana tabél data 4.2 di luhur, ébréh yén warna léksikon kawanojaan nu kapaluruh dina novel Sunda téh aya dina warna léksikon barang, léksikon

pagawéan, jeung léksikon sipat wungkul. Sacara ringkes, warna léksikon kawanojaan bisa ditabélkeun saperti ieu di handap.

Tabél 4.3 Warna Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

No.	No. Data	Léksikon	<i>f</i>	Warna			
				KB	KP	KS	Kbil.
1	2	3	4	5	6	7	8
1	(001)	Aceuk	71	✓			
2	(002)	Awéwé	148	✓			
3	(003)	Awéwé bangor	67	✓			
4	(004)	Awéwé dagangan	1	✓			
5	(005)	Babar	1		✓		
6	(006)	Bayur	3	✓			
7	(007)	Béha	1	✓			
8	(008)	Bi	193	✓			
9	(009)	Bibi	62	✓			
10	(010)	Bidan	13	✓			
11	(011)	Bikang	1	✓			
12	(012)	Bojo	20	✓			
13	(013)	Bu	24	✓			
14	(014)	Ceu	42	✓			
15	(015)	Ceuk	23	✓			
16	(016)	Daster	2	✓			
17	(017)	Démplon	1			✓	
18	(018)	Dicandung	2		✓		
19	(019)	Dikawin	9		✓		
20	(020)	Diperkosa	2		✓		
21	(021)	Dipiindung	3			✓	
22	(022)	Dipirak	2		✓		
23	(023)	Dirapalan	2		✓		
24	(024)	Diserahkeun	1		✓		
25	(025)	Diwayuh	1		✓		
26	(026)	Dulang tinandé	1			✓	
27	(027)	Ema	180	✓			
28	(028)	Embi	4	✓			
29	(029)	Emok	1		✓		
30	(030)	Encit	4	✓			
31	(031)	Endén	47	✓			
Jsté. (ilikan lampiran)							
Jumlah			1965	87	17	7	0

Warna léksikon kawanojaan anu pangréana muncul nyaéta léksikon kawanojaan barang (86 léksikon), anu pangsaeutikna nyaéta léksikon kawanojaan

sipat (7 léksikon), jeung sésana nyaéta léksikon kawanojaan pagawéan (17 léksikon).

4.3 Wanda Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

Wanda léksikon kawanojaan dina tilu novel Sunda nyoko kana rupa-rupa léksikon kawanojaan, disawang tina ma'na inhéren warna kecapna. Hasil analisis data manggihan lima wanda léksikon, nyaéta (1) kaayaan awak, (2) watek, (3) properti wanoja, (4) paripolah, jeung (5) pancakaki.

4.3.1 Léksikon Kawanojaan Kaayaan Awak

Léksikon kawanojaan kaayaan awak nyoko kana wanda léksikon kawanojaan anu patali jeung ma'na inhéren kaayaan awak wanoja. Hasil panalungtikan manggihan 18 léksikon kawanojaan kaayaan awak, saperti ébréh dina conto data ieu di handap.

- 1) (002) *awéwé* (PPSH/16-17/4/KB; PPTN/14/1/KB)
- 2) (011) *bikang* (KKP/91/12/KB)
- 3) (043) *geulis* (PPSH/95/11/KS; PPTN/17/7/KS; KKP/16/6/KS)
- 4) (075) *montok* (KKP/52/9/KS)
- 5) (096) *reuneuh* (KKP/43/3/KP)

Jst. (ilikan lampiran)

Dina data 1—5 di luhur, léksikon *awéwé*, *bikang*, *geulis*, *montok*, jeung *reuneuh* kagolong kana léksikon kaayaan awak dina wangun kecap asal anu nuduhkeun kaayaan awak manusa. Léksikon *awéwé* jeung *bikang* kagolong kana léksikon kaayaan awak nu nuduhkeun wanda бага. Ari léksikon *geulis* jeung *montok* nuduhkeun kaayaan awak lahiriah wanoja. Ari *reuneuh* mah nuduhkeun kaayaan awak wanoja dina waktu nu tangtu saméméh ngalahirkeun.

Data léksikon kawanojaan kaayaan awak séjénna nu leuwih lengkep anu jumlahna 18 léksikon bisa diilikan dina lampiran.

4.3.2 Léksikon Kawanojaan Watek

Léksikon kawanojaan watek nyoko kana wanda léksikon kawanojaan anu patali jeung ma'na inhéren watek wanoja. Hasil panalungtikan manggihan aya 2 léksikon kawanojaan watek, saperti ébréh dina data ieu di handap.

- 1) (021) *dipiindung* (PPSH/42-43/5/KP; PPSH/43/8/KP; PPSH/45/4/KP)
- 2) (026) *dulang tinandé* (PPTN/45/2/KS)

Dina data 1 jeung 2, léksikon *dipiindung* jeung *dulang tinandé* kagolong kana léksikon watek. Léksikon *dipiindung* diwangun dina kecap rundayan, ari léksikon *dulang tinandé* diwangun dina kecap rakitan dalit atawa babasan. Dua léksikon di luhur, kaasup kana watek wanoja anu muncul sabada rumah tangga.

4.3.3 Léksikon Kawanojaan Properti atawa Rarangkén

Léksikon kawanojaan properti atawa rarangkén nyoko kana wanda léksikon kawanojaan anu patali jeunng ma'na inhéren properti wanoja. Hasil panalungtikan manggihan aya 35 léksikon kawanojaan properti, saperti ébréh dina conto data ieu di handap.

- 1) (016) *daster* (KKP/153/5/KB; KKP/132/3/KB)
- 2) (030) *encit* (PPSH/67/11/KB; PPSH/68/2/KB)
- 3) (031) *endén* (PPSH/12/03/KB; PPTN/75/5-2/KB; KKP/135/3/KB)
- 4) (057) *kongkorong* (PPTN/14/1/KB; PPTN/63/15/KB)
- 5) (059) *kurabu* (PPTN/14/2/KB)

Jst. (ilikan lampiran)

Dina data 1—5 di luhur, léksikon *daster*, *encit*, *endén*, *kongkorong*, jeung *kurabu* kagolong kana léksikon properti wanoja dina wangun kecap asal anu nuduhkeun properti dina diri manusa, boh lahiriah boh gelar nu disandang, saperti léksikon *endén* kaasup kana properti sosial wanoja anu nyangkaruk dina médan ma'nana lantaran nuduhkeun gelar ménak wanoja. Ari léksikon *daster*, *encit*, *kongkorong*, jeung *kurabu* nuduhkeun barang pakéun wanoja pikeun ngageulisan atawa mamantes diri.

Data léksikon kawanojaan properti séjénna anu leuwih lengkep anu jumlahna 35 léksikon bisa diilikan dina lampiran.

4.3.4 Léksikon Kawanojaan Paripolah

Léksikon kawanojaan paripolah nyoko kana wanda léksikon kawanojaan anu patali jeung ma'na inhéren paripolah wanoja. Hasil panalungtikan manggihan aya 22 léksikon kawanojaan paripolah, saperti ébréh dina conto data ieu di handap.

- 1) (010) bidan (PPTN/39/7/KB; PPTN/42/7/KB)
- 2) (103) suster (PPTN/44/8/KB; PPTN/49/2/KB)
- 3) (079) ngaenénan (PPTN/48/6/KB)
- 4) (025) diwayuh (PPTN/48/10/KP)
- 5) (019) dikawin (PPSH/44/3/KP; KKP/43/3/KP)

Jst. (ilikan lampiran)

Dina data 1—5 di luhur, léksikon *bidan*, *suster*, *ngaenénan*, *diwayuh*, jeung *dikawin* kagolong kana léksikon paripolah wanoja lantaran nuduhkeun pagawéan nu karandapan ku wanoja atawa sesebutan kana pagawéan wanoja. Léksikon *bidan* jeung *suster* mangrupa kecap paripolah wanoja dina wangun asal anu nuduhkeun profési, ari kecap *ngaenénan*, *diwayuh* jeung *dikawin* mangrupa kecap paripolah dina wangun rundayan.

Data léksikon kawanojaan paripolah séjénna anu leuwih lengkep anu jumlahna 22 léksikon bisa diilikan dina lampiran.

4.3.5 Léksikon Kawanojaan Pancakaki

Léksikon kawanojaan pancakaki nyoko kana wanda léksikon kawanojaan anu patali jeung ma'na inhéren pancakaki wanoja. Hasil panalungtikan manggihan aya 33 léksikon kawanojaan pancakaki, saperti ébréh dina conto data ieu di handap.

- 1) (001) aceuk (PPSH/41/11/KB; PPTN/36/13/KB)
- 2) (009) bibi (PPSH/12/2-1/KB; PPTN/9/14/KB; KKP/135/2/KB)
- 3) (067) mamah (PPSH/8/8/KB; PPTN/59/6/KB; KKP/152/9/KB)
- 4) (105) tétéh (PPTN/34/10/KB; KKP/69/4/KB)

5) (084) nyai (PPSH/23/10/KB; PPSH/24/11/KB)

Jst. (ilikan lampiran)

Dina data 1—5 di luhur, léksikon *aceuk*, *bibi*, *mamah*, *tétéh*, jeung *nyai* kagolong kana kecap barang nu nuduhkeun pancakaki dina wangun kecap asal. Léksikon *aceuk* jeung *tétéh* nuduhkeun ma'na anu sarua, nyaéta lanceuk awéwé atawa anu pantes disebut *aceuk* atawa *tétéh* nu umurna saluhureun. Ari léksikon *nyai* sesebutan kanyaah ka budak. Ari léksikon *mamah* nuduhkeun ka indung anu ngalahirkeun urang, ari léksikon *bibi* nuduhkeun ka awéwé adi indung atawa bapa.

Dumasar kana dadaran di luhur, ébréh yén wanda léksikon kawanojaan anu kapaluruh dina novel Sunda téh ngawujud dina sakabéhna wanda nu nuduhkeun kaayaan awak, watek, properti atawa rarangkén wanoja, paripolah, jeung pancakaki. Sacara ringkes, wanda léksikon kawanojaan bisa ditabélkeun saperti ieu di handap.

Tabél 4.4 Wanda Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

No.	No. Data	Léksikon	f	Wanda				
				KA	Wtk	Rrkn	Par.	PK
1	2	3	4	5	6	7	8	9
1	(001)	Aceuk	71					✓
2	(002)	Awéwé	148	✓				
3	(003)	Awéwé bangor	67				✓	
4	(004)	Awéwé dagangan	1				✓	
5	(005)	Babar	1				✓	
6	(006)	Bayur	3				✓	
7	(007)	Béha	1			✓		
8	(008)	Bi	193					✓
9	(009)	Bibi	62					✓
10	(010)	Bidan	13				✓	
11	(011)	Bikang	1	✓				
12	(012)	Bojo	20					✓
13	(013)	Bu	24					✓
14	(014)	Ceu	42					✓
15	(015)	Ceuk	23					✓
16	(016)	Daster	2			✓		
17	(017)	Démplon	1	✓				
18	(018)	Dicandung	2				✓	

No.	No. Data	Lésikon	f	Wanda				
				KA	Wtk	Rrkn	Par.	PK
1	2	3	4	5	6	7	8	9
19	(019)	Dikawin	9				✓	
20	(020)	Diperkosa	2				✓	
21	(021)	Dipiindung	3		✓			
22	(022)	Dipirak	2				✓	
23	(023)	Dirapalan	2				✓	
24	(024)	Diserahkeun	1				✓	
25	(025)	Diwayuh	1				✓	
26	(026)	Dulang tinandé	1		✓			
27	(027)	Ema	180					✓
28	(028)	Embi	4					✓
29	(029)	Émok	1				✓	
30	(030)	Encit	4			✓		
31	(031)	Endén	47			✓		
Jsté. (ilikan lampiran)								
Jumlah			1965	18	2	35	22	33

Dumasar kana data tabél 4.3 di luhur, katitén yén wanda léksikon kawanojaan dina novel Sunda anu kapaluruh téh ngawujud dina sakabéhna wanda, nyaéta nu nuduhkeun kaayaan awak, watek, rarangkén atawa properti kawanojaan, paripolah, jeung pancakaki nu nuduhkeun wanoja kalawan frékwénsi munculna anu béda-béda. Wanda anu panglobana muncul nyaéta léksikon nu nuduhkeun rarangkén atawa properti wanoja nyaéta 35 léksikon jeung nu nuduhkeun pancakaki wanoja 33 léksikon. Ari nu pangsaeutikna nu nuduhkeun watek, nyaéta 2 léksikon.

4.4 Harti Léksikal Kawanojaan dina Novel Sunda

Harti léksikal kawanojaan mangrupa harti anu dikandung ku léksikon kawanojaan, bisa nuduhkeun harti saujuratna (dénotatif), bisa ogé nuduhkeun harti injeuman (asosiatif). Umumna harti léksikal téh kapanggih dina kamus. Aya tilu kamus anu dipaké nyungsi harti léksikal kawanojaan, nyaéta *Kamus Basa Sunda* (Danadibrata, 2009), *Kamus Umum Basa Sunda* (LBSS, 2015), jeung *Kamus Étimologi Sunda* (Tamsyah, 2015). Harti léksikal anu kapanggih tina kamus, satuluyna disintésis atawa dicindekkeun jadi hiji harti léksikal anu silih lengkepan. Minangka contona, ébréh dina ieu tabél di handap.

Tabél 4.5 Harti Léksikal Kawanojaan

No.	No. Data	Léksikon	Kode	Harti
1	2	3	4	5
1	(001)	Aceuk	PPSH/41/11/KB PPTN/36/13/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Sesebutan ka awéwé atawa ka dulur awéwé anu saluhureun umurna, robahan tina lanceuk.
2	(002)	Awéwé	PPSH/16-17/4/KB PPTN/14/1/KB KKP/19-20/11-1/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Wanita, lemesna istri, atawa jelema nu saperti indung urang sabalikna tina lalaki.
3	(003)	Awéwé bangor	KKP/12/5/KB KKP/13-14/14-1/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Awéwé nu boga kabiasaan goréng atawa pagawéan lacur.
4	(004)	Awéwé dagangan	KKP/43/9/KB	Awéwé nu dijadikeun dagangan atawa lacur ku germa.
5	(005)	Babar	PPTN/32/16/KP	Lemesna tina ngajuru atawa dina basa Kawi hartina ampar.
6	(006)	Bayur	KKP/50/9/KB KKP/50/10/KB KKP/50/11/KB	Ngaran sarupa tangkal kai, atawa kutu bayur nyaéta kutu ipis leutik nu hirupna dina bulu rarangan.
7	(007)	Béha	KKP/21/14/KB	Wancahan tina <i>bustehouder</i> , atawa kutang, pakéan paragi nutupan pinareup awéwé nu dipaké jeroeun kabaya, dikancingkeun sina merketengteng.
8	(008)	Bi	PPSH/10/6/KB PPTN/9/14/KB KKP/35/3/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Wancahan tina bibi atawa embi, nyaéta adi indung atawa adi bapa nu awéwé, atawa ka istrina paman, atawa ka awéwé nu lian nu pantes disebut bibi.
9	(009)	Bibi	PPSH/12/2-1/KB PPTN/9/14/KB KKP/135/2/KB Jsté. (ilikan lampiran)	adi indung atawa adi bapa nu awéwé, atawa ka istrina paman, ogé sok dibasakeun ka indung téré atawa ka awéwé nu lian nu pantes disebut bibi.
10	(010)	Bidan	PPTN/39/7/KB PPTN/42/7/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Tina basa Malayu nu hartina paraji atawa indung beurang nu meunang didikan ti dokter atawa rumah sakit tur geus meunang ijasah tina hal nulungan nu ngajuru jeung ngurus orok
11	(011)	Bikang	KKP/91/12/KB	Basa kasarna tina awéwé. Basa wewengkon Banten. Atawa

No.	No. Data	Léksikon	Kode	Harti
1	2	3	4	5
				umuna sato héwan awéwéna
12	(012)	Bojo	PPSH/7/5/KB PPSH/26/5/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Basa lemes keur sorarang atawa ka sahandapeun nu dihormat ku urang nu hartina pamajikan
13	(013)	Bu	PPTN/23/02/KB KKP/108/4/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Wancahan tina ibu, lemesna tina indung.
14	(014)	Ceu	PPTN/07/11/KB KKP/31/10/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Wancahan tina ceuceu, kecap nu sok dipaké ku budak ka awéwé saluhureunana pantar lanceukna nu hartina aceuk atawa euceu.
15	(015)	Ceuk	PPSH/41-42/11/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Wancahan tina aceuk. Sebutan ka awéwé atawa ka awéwé nu saluhureun umurna, atawa ka awéwé palaputra rakana lanceuk indung-bapa urang, robahan tina lanceuk
16	(016)	Daster	KKP/153/5/KB KKP/132/3/KB	Baju awéwé nu sok dipaké saré atawa sok dipaké sapopoé.
17	(017)	Démplon	KKP/139/7/KS	Potongan awak awéwé nu tegap sarta biritna ngeusi, saharti jeung bahono
18	(018)	Dicandung	KKP/144/2/KP KKP/118/4/KP	Nuduhkeun pagawéan anu karandapan ku wanoja nalika didua ku salakina
19	(019)	Dikawin	PPSH/44/3/KP KKP/43/3/KP Jsté. (ilikan lampiran)	Pagawéan anu biasa karandapan ku wanoja, nalika lalaki ngaresmikeun wanoja (rék boga pamajikan).
20	(020)	Diperkosa	KKP/42/6/KP KKP/43/3/KP	Dipaksa kalawan kekerasan. Sok disebut marawanan, dirogahala, dipaksa supaya paéh, dipergasa.
21	(021)	Dipiindung	PPSH/42-43/5/KP PPSH/43/8/KP PPSH/45/4/KP	dianggap indung tur embung apajauh jeung indung.
22	(022)	Dipirak	PPTN/86/5/KP PPTN/87/13/KP	Ditalak, dipegat, pepegatan, diserahkeun ku salakina
23	(023)	Dirapalan	KKP/128/4/KP PPSH/106/9/KP	Pagawéan nu tumerap ka awéwé, nungtun ngucapkeun akad nikah ku pangantén awéwé.
24	(024)	Diserahkeun	KKP/185/1/KP	Ditalak, dipegat, pepegatan, dipirak ku salakina. Mulangkeun pamajikan ka kolotna deui.
25	(025)	Diwayuh	PPTN/48/10/KP	Dicandung, atawa ditambah

No.	No. Data	Léksikon	Kode	Harti
1	2	3	4	5
				hartina ditambahan pamajikanana ku salaki.
26	(026)	Dulang tinandé	PPTN/45/2/KS	Paribasa nu disebutkeun ka awéwé anu hormat tilawat ka salakina.
27	(027)	Ema	PPSH/10/3/KB PPTN/43/4/KB KKP/69/3/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Sesebutan ka indung atawa ka awéwé nu sapantar jeung indung, atawa nu dianggap indung.
28	(028)	Embi	PPSH/82/8/KB PPSH/83/3/KB PPSH/83/6/KB PPSH/83/9/KB	Sesebutan ka bibi atawa ka nu sapantar jeung bibi, ogé sok dipaké pikeun nyebut ka awéwé raina indung-bapa urang.
29	(029)	Emok	PPSH/41/11/KB PPTN/36/13/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Diuk awéwé Sunda dina lanté ku cara bitis duanana ditikelkeun ka kénca atawa ka katuhu silih patumpang.
30	(030)	Encit	PPSH/16-17/4/KB PPTN/14/1/KB KKP/19-20/11-1/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Lawon ipis pibajuen awéwé atawa erok
31	(031)	Endén	KKP/12/5/KB KKP/13-14/14-1/KB Jsté. (ilikan lampiran)	Wancahan tina Nyi Radén, sesebutan ka wanita turunan ménak, atawa sesebutan ka putra-istri anu ramana gelaran Radén.
Jsté. (ilikan lampiran)				

Dumasar kana data tabél 4.4 di luhur, katitén aya sababaraha léksikon anu boga harti anu sarua lantaran mangrupa robahna kecap, boh kecap wancahanana boh kecap sinonimna. Ku kituna, tina hasil analisis data léksikon anu sawanda atawa saharti téh bisa dipasing-pasing korpusna jadi 24 gundukan kecap. Sangkan leuwih jéntré, bisa diilikan dina dadaran jeung pedaran ieu di handap.

1) Aceuk, Ceuk, Ceu, Ceuceu, Euceu, Tétéh, Téh

Data *aceuk* (001) jeung *tétéh* (105) kaasup kana léksikon barang anu nuduhkeun pancakaki, nu mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda sarta ditojokeun ka lanceuk awéwé atawa sesebutan ka dulur awéwé nu pantas disebut

lanceuk anu saluhureun umurna. Léksikon *aceuk* (001) mangrupa wancahan sirnapurwa tina léksikon *lanceuk* anu dina makéna sok dipondokkeun jadi *aceuk* (001). Nalika jadi kecap panggentra sok diwancah (sirnapurwa) deui jadi *ceuk* (015) jeung *ceu* (014) (sirnawekas). Ari léksikon *ceuceu* muncul tina dirajékna léksikon *ceu* (014) jadi *ceuceu*, satuluyna sok dipondokkeun deui *euceu* (038) (sirnapurwa).

Data *tétéh* (105) dina makéna sok dipondokkeun deui atawa diwancah sirnapurwa jadi *téh* (104) anu hartina sarua jeung *aceuk* (001). Saupama léksikalisasina diringkes, saperti ieu di handap.

Sirnaan

lanceuk → aceuk → ceuk → ceu

tétéh → étéh → téh

Rajékan jeung Sirnaan

ceu → ceuceu → euceu

2) Awéwé Bangor, Awéwé Dagangan, Bayur, Ungkluk, Palacur, WéTéÉs

Data *awéwé bangor* (003), *awéwé dagangan* (004), *bayur* (006), *ungkluk* (106), jeung *palacur* (087), sakabéhna mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon barang anu nuduhkeun paripolah, ditojokeun ka awéwé nu boga pagawéan rucah atawa profési anu teu halal. Data *awéwé bangor* (003) jeung *awéwé dagangan* (004) mangrupa kecap kantétan anu ngalaman léksikalisasi malih warni jadi babasan sabadana dikantétkeun, anu hartina sarua jeung léksikon *bayur*, *ungkluk*, *palacur*, jeung *WTS (WéTéÉs)*.

Data *bayur* (106) dipiwano di wewengkon Bandung taun 90-an, mangrupa singgetan tina *bayi keluyuran* anu sacara ma'nana awéwé nu néangan atawa ngadagangkeun pianakan, wanda бага atawa rahim. Ari sacara harti kamus, *bayur* (106) téh hartina kutu leutik nu hirupna dina bulu rarangan anu nyababkeun ateul. Ku lantaran nyababkeun ateul, ku kituna sacara kultural ieu léksikon *bayur* (106) téh bisa dihartian wanoja anu ateul raranganana (ateul ka salaki batur atawa ka loba lalaki).

Data *palacur* (087) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu asalna tina kecap *lacur*, tuluy dirarangkénan *pa-* jadi *palacur* anu ditojokeun ka awéwé tukang lacur atawa rucah. Ari *ungkluk* (106) sacara harti mah sarua jeung léksikon *palacur*, ngan biasana ari nu disebut *ungkluk* mah boga dunungan atawa garmo nu ngokolakeun maranéhanana di hiji tempat nu tangtu.

Data *WéTéEs* (110) nu mangrupa singgetan tina basa Indonésiana *Wanita Tuna Susila* (WTS), anu ditojokeun ka awéwé tukang lacur, rucah, atawa sok disebut ogé awéwé bunian.

Tina éta data di luhur, katingali ayana léksikalisasi supplisi tina kasar ka lemes (eufimisme), saupama dibagankeun saperti kieu: bayur = *ungkluk* = *palacur* → awéwé bangor = awéwé dagangan → *WéTéEs*. Anapon léksikasilasina saperti ieu di handap.

Ngararangkénan

Lacur + *pa-* → *palacur*

Ngantétkeun

Awéwé + bangor → awéwé bangor

Awéwé + dagang + -an → awéwé dagangan

Nyingget

Wanita Tuna Susila → WST (Dibaca: *WéTéEs*)

3) Awéwé, Wanita, Bikang, Istri, Wanoja, Mojang, Lanjang, Parawan

Data *awéwé* (002), *wanita* (107), *bikang* (012), *istri* (049), *wanoja* (108), *mojang* (074), *lanjang* (061), jeung *parawan* (089) kagolong kana léksikon barang nu nuduhkeun kaayaan awak, hususna wanda baga anu ditojokeun ka jalma nu saperti indung urang, sabalikna tina lalaki. Tapi, teu sakabéhna data di luhur mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda, data *wanoja* (108), *wanita* (107), jeung *istri* (049) mangrupa kecap serepan tina basa Sansekerta, wanoja tina léksikon *wanudya* anu satuluyna ngalaman léksikalisasi adopsi: *wanudya* → wanoja, léksikon *wanita* ngalaman parobahan batin awal: *vanita* → wanita. Léksikon *wanita* ogé bisa jadi robahan tina kecap *betina* → *banita* → wanita. Anapon ari léksikon *istri* (049) asalna tina kecap *éstri* anu ngalaman parobahan

batin awal *éstri* → istri, ari nurutkeun Sudaryat (2021, kc. 126) mah kecap *istri* téh ngalaman swarabakti awal tina *stri* → istri.

Sok sanajan data di luhur boga médan harti anu sarua nuduhkeun wanda baga wanoja, tapi ari data *mojang* (074) jeung *lanjang* (061) leuwih ditojokeun ka wanoja anu can kawin atawa masih *parawan* (089) tapi biasana geus manjing kana umur dikawinkeun.

Data *awéwé* (002), *wanita* (107), *bikang* (012), *istri* (049), jeung *wanoja* (108) nuduhkeun wanoja sacara umum (boh geus kawin boh acan/parawan). Data *bikang* (012) ditojokeun pikeun nuduhkeun wanda baga ogé, tapi kagolong kana kecap kasar lamun dipaké ka jalma, nu matak léksikon *bikang* mah sok digunakeun pikeun nuduhkeun wanda baga sato. Ku kituna, saupama ieu data dibagankeun sacara basajan ti basa kasar ka lemes, ti umum ka husus, bakal saperti kieu: *bikang* → *awéwé* → *wanita* → *istri* $\approx$ *wanoja* = *mojang* = *lanjang* = *parawan*.

Dumasar kana dadaran di luhur, léksikalisasina ébréh saperti ieu di handap.

Adopsi

wanudya → wanoja

Métatésis, Swarabakti Tengah, jeung Parobahan Batin Awal

betina → *banita* → wanita

Parobahan Batin Awal jeung Swarabakti Awal

vanita → wanita

éstri → istri (1)

stri → istri (2)

4) Babar, Ngajuru, Ngalahirkeun

Data *babar* (005) jeung *ngajuru* (080) kagolong léksikon pagawéan nu nuduhkeun paripolah, anu mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda. Ari data *ngalahirkeun* (081) mah mangrupa kecap serepan asalna tina kecap *lahir* dina basa Arab, tapi sacara harti kiwari mah sarua ditojokeun kana prosés ngaluarkeun jabang bayi ku jalan biasa atawa normal.

Léksikon *babar* (005) ngalaman léksikalisasi supplisi tina basa Kawi *ampar* jadi *babar*. *Ampar* hartina mébérkeun barang nu disimpenna digulungkeun (karpét, samak, jsb.), anu satuluyna léksikon *babar* ditojokeun ka wanoja anu keur ngalahirkeun, lantaran biasana nu ngalahirkeun sok diamparan ku karpét, samak, jsb.

Data *ngajuru* (080) kaasup kecap kasar atawa loma anu asalna tina kecap *juru* anu hartina tungtung tepungna dua gurat atawa bilik, tuluy dirarangkénan N- + *juru* → *ngajuru*, nyababkeun malih warni harti tapi masih ngadung harti nu ampir sarua, yén ku lantaran kabiasaan nu *babar* atawa ngalahirkeun téh sok di lebah sisi jero imah atawa rada ka juru imah. Jadi, sacara kultural kecap *ngajuru* (080) muncul bisa jadi ku lantaran éta kabiasaan, anu satuluyna malih warni hartina jadi prosés ngaluarkeun jabang bayi.

Léksikon *ngalahirkeun* (081) asalna tina léksikon ‘lahir’ anu diserep tina basa Arab *dzahirun* nu hartina luar, kaluar, atawa jirim anu katénjo ku mata. Tuluy dirarangkénan N- --keun + lahir → *ngalahirkeun*, éta prosés ngararangkénan téh nyababkeun léksikalisasi malih warni jadi kecap anu anyar, anu sacara harfiah bisa dihartikeun ngaluarkeun atawa ngajirimkeun kandungan atawa jabang bayi. Saupama data di luhur diruntuykeun ku bagan ti nu kasar ka lemes (suplisi), saperti kieu: *ngajuru* → *ngalahirkeun* → *babar*. Prosés léksikalisasina saperti ieu di handap.

Adopsi jeung Ngararangkénan

dzahirun → lahir → + N--keun → *ngalahirkeun*

Ngararangkénan

juru + N- → *ngajuru*

Ari léksikon anu sok muncul sabadana prosés *ngalahirkeun* atawa *babar* téh nyaéta *ngaenénan* (079). Léksikon *ngaenénan* (079) kagolong kana léksikon pagawéan nu nuduhkeun paripolah, mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda wangun basa lemes tina nyusuan anu ditojokeun ka indung atawa wanoja nu keur méré susu ka orokna atawa nyusuan orok tina pinareupna, anu éta téh mangrupa kodrat wanoja nu mutlak.

5) Bibi, Ibi, Bi, Embi, Mbi

Data *bibi* (009) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon barang tur nuduhkeun pancakaki, anu ditojokeun ka wanoja adi indung atawa bapa, pamajikanana paman atawa ka awéwé lian nu pantes disebut bibi. Dina makéna, léksikon *bibi* sok dipondokkeun jadi *ibi* (045) atawa *bi* (008).

Léksikon *bibi* (009) sok robah ogé jadi *embi* (028) jeung *mbi* anu biasa dipaké ku budak (basa budak). Léksikon *embi* hasil ngawuwuhan formatif “em” dina wacahan “bi”. Saupama dibagankeun saperti ieu di handap.

(009) *bibi* = (028) *embi*

Sirnaan

Bibi → *ibi* → *bi*

Tambahan jeung Sirnaan

bi → *embi* → *mbi*

6) Bidan, Suster

Data *bidan* (010) kagolong kana léksikon barang panuduh paripolah atawa pagawéan nu mangrupa kecap serepan tina basa Indonésia, anu ditojokeun ka wanoja nu boga pangaweruh sacara resmi ngaliwatan pelatihan atawa sakola pikeun nulungan nu ngajuru jeung ngurus orok. Ari kecap sampakanana dina basa Sunda mah disebut indung beurang. Ari data *suster* (103) kagolong kana léksikon barang panuduh paripolah atawa pagawéan nu mangrupa wangun serepan tina basa Walanda *zuster* diadopsi jadi suster, ditojokeun ka wanoja tukang ngurus nu gering di rumah sakit atawa juru rawat atawa wanoja nu cicing di biara. Léksikalisasi data *bidan* (010) jeung *suster* (103) saperti ieu di handap.

Adopsi

bidan → *bidan*

Adaptasi

zuster → *suster*

7) Bojo, Garwa, Pamajikan, Istri, Ibu Rumah Tangga, Dulang Tinandé

Data *pamajikan* (088) kagolong kana léksikon barang panuduh pancakaki dina rumah tangga nu mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda sarta ditujokeun ka wanoja nu geus boga salaki, atawa sebutan lalaki ka wanoja nu geus dikawin ku manéhna. Data lianna nu saharti nyaéta *bojo* (012) jeung *garwa* (040) mangrupa kecap serepan tina basa Sansekerta kalawan ngalaman léksikalisasi adopsi langsung kana basa Sunda.

Data *istri* (049) mangrupa kecap serapan tina basa Sanksekerta ogé: *éstri* anu ngalaman parobahan batin awal tina *éstri* → *istri*, ari nurutkeun Sudaryat (2021, kc. 126) léksikon *istri* téh ngalaman swara bakti awal tina *stri* → *istri*. Dina makéna léksikon *bojo*, *garwa*, *pamajikan*, jeung *istri* sok muncul ogé basa lemesna nya éta geureuha. Satuluyna sok disebut ogé *ibu rumah tangga* (047) nu mangrupa istilah atawa kecap kantétan tina basa Indonésia anu biasana dipaké jadi katerangan idéntitas pagawéan, dina makéna sok disingget jadi IRT.

Data *dulang tinandé* (026) mangrupa babasan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon sipat nu nuduhkeun watek wanoja, anu ieu watek atawa sipat téh dipapandékeun ka wanoja anu hormat, tuhu-nurut ka salakina. Saupama dibagankeun ti loma ka lemes saperti kieu: *pamajikan* → *bojo* → *garwa* → geureuha.

Adopsi

bojo → *bojo*

garwa → *garwa*

8) Daster, Kabaya, Encit, Béha, Mukena

Data *daster* (016), *kabaya* (051), *encit* (030), *béha* (007), jeung *mukena* (076) kagolong léksikon barang panuduh rarangkén atawa properti wanoja anu sacara umum ditujokeun kana pakéan wanoja. Data *encit* (030) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda anu ditujokeun kana kaén ipis pikabayaeun atawa pierokkeun.

Data *daster* (016) mangrupa kecap serepan tina basa Indonésia anu diadopsi langsung kana basa Sunda, kagolong kana léksikon barang anu ditujokeun kana

pakéan awéwé nu sok dipaké saré atawa dipaké sapopoé, biasana nutupan nepi kana tuur atawa mumuncangan.

Data *kabaya* (051) diadopsi tina basa Parsi *qabay* → kabaya atawa kebaya, kagolong kana kecap barang nu ditojokeun kana pakéan awéwé nu dijieun tina ecit atawa kaén ipis, panjangna nepi ka puhu pingping, biasana dipaké wanoja nalika ngahadiran acara-acara penting.

Data *béha* (007) mangrupa serepan tina basa Walanda *bustehouder* anu tuluy disingget jadi béha atawa BH, ditojokeun kana jeroan wanoja saméméh maké baju, biasana leuwih pondok ti batan kaway nu nepi kana beuteung.

Data *mukena* (076) asalna tina basa Arab *muqna'un* nu hartina pakéan paranti solat awéwé, tuluy diadopsi kana basa Sunda jadi mukena.

Prosés léksikalisasina bisa diilikan ieu di handap.

Adaptasi

qabay → kabaya

muqna'un → mukena

Singgetan

Bustehouder → béha/BH

Adopsi

daster → daster

9) Dicandung, Diwayuh, Maru

Data *dicandung* (018) jeung *diwayuh* (025) kagolong kana léksikon pagawéan panuduh paripolah anu tumiba ka wanoja atawa wanoja salaku pangrandapna. *Dicandung* (018) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda asalna tina kecap *candung* tuluy dirarangkénan hareup di- + *candung* → *dicandung*. Lamun duaan nu dicandungna, sok disebut ‘didua’, jeung saterusna.

Data *diwayuh* (025) mangrupa kecap serepan tina basa Kawi *wayuh* tuluy diadopsi langsung kana basa Sunda, hartina sarua antara diwayuh jeung dicandung nyaéta ditojokeun kana kaayaan wanoja nu diduakeun ku salakina.

Hasil tina dicandung téh muncul kecap *maru* (069) nu mangrupa kecap serepan tina basa Kawi *maru*, hartina pamajikan kadua atawa sebutan awéwé ka

awéwé séjénna nu sarua dicandung. Ku kituna, ieu data *maru* (069) kagolong kana wanda pancakaki lantaran nuduhkeun pancakaki atawa hiérarki dina rumah tangga. Prosés léksikalisasina saperti ieu di handap.

Dirarangkénan

candung + di- → dicandung

Adopsi

maru → maru

Adopsi jeung Dirarangkénan

wayuh → wayuh + di- → diwayuh

10) Dikawin, Dirapalan, Diperkosa

Data *dikawin* (019) jeung *dirapalan* (023) mangrupa kecap serepan anu kagolong kana léksikon pagawéan panuduh paripolah wanoja anu jadi pangrandapna, ditojokeun ka wanoja nu rék dijadikeun pipamajikaneun ku lalaki. Léksikon *dikawin* (019) asalna tina léksikon ‘kawin’ tina basa Jawa *awin* anu hartina mawa atawa boyong, tuluy ngalaman léksikalisasi ditambahan formatif “k” jadi *kawin*. Kecap ‘kawin’ harti asalna nyaéta rarabi atawa geus boga salaki atawa pamajikan, anu éta ma’na téh masih midua bisa ka lalaki bisa ka wanoja. Tapi nalika dirarangkénan *di-* + *kawin* → *dikawin* hartina malih warni jadi wanoja anu dirapalan atawa geus dipimilik ku hiji lalaki, sabab sacara kultural ari lalaki mah ngawin lain *dikawin*.

Data *dirapalan* (023) asalna tina kecap ‘rapal’ serepan tina basa Arab *lapal* anu hartina ucapan, tuluy diadopsi jadi *rapal*. Ari kecap ‘rapal’ nalika dirarangkénan *di--an* + *rapal* → *dirapalan*, hartina malih warni jadi lalaki nu ngedalkeun jangji ngawin ka hiji wanoja. Ku kituna, ieu léksikon téh tumerap ka wanoja atawa wanoja nu jadi pangrandapna, yén ngan wanoja nu dirapalan sabab ari lalaki mah ngarapalan. Prosés léksikalisasina saperti ieu di handap.

Serepan, Panambah formatif, jeung Dirarangkénan

awin → kawin + di- → dikawin

lapal → rapal + di- → dirapalan

Ari data *dikawin* (019) jeung *dirapalan* (023) mangrupa pagawéan anu sah tur halal ka wanoja. Sabalikna, ari data *diperkosa* (020) mangrupa kecap pagawéan nu nuduhkeun paripolah anu wanoja jadi pangrandapna, ditojokeun kana kagiatan maksa kalawan kekerasan dina nyokot kaparawanan wanoja. Sok disebut ogé marawanan atawa dipergasa, éta paripolah téh teu sah, teu pantes, tur kaasup kana tindak pidana kajahatan.

11) Dipirak, Diserahkeun, Randa

Data *dipirak* (022) jeung *diserahkeun* (024) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda anu kagolong kana léksikon pagawéan nu nuduhkeun paripolah di wanoja nu jadi pangrandapna, anu ditojokeun ka wanoja nu dibalikeun ka kolotna atawa pipisahan. Dina makéna léksikon *dipirak* (022) atawa *diserahkeun* (024), sok muncul ogé léksikon sinonimna saperti dipasrahkeun, dipegat, ditalak, jeung dikésér.

Hasil tina *dipirak* (022) atawa *diserahkeun* (024) téh nyaéta munculna status *randa* (094) di wanoja, nu mangrupa kecap serepan tina basa Sansekerta *randha* tuluy diwancah sirnamadya dina basa Sunda, jadi *randa* atawa *rangda* winangun léksikon barang. Awéwé anu salila hirup *ngaranda* disebutna *rarandaan*. Prosés léksikalisasina saperti ieu di handap.

Dirarangkénan

pirak + di- → dipirak

serah + di- → diserahkeun

Sirnamadya

randha → randa

Dirarangkénan

randa + N- → ngaranda

Dirajék

randa + Rdp+-an → rarandaan

12) Émok

Data *émok* (029) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon pagawéan panuduh paripolah, anu ditojokeun kana posisi diuk wanoja nu diuk dina lanté bari patumpang atawa ditikelkeun bitisna ka kénca

atawa ka katuhu. Dina makéna léksikon *émok*, sok muncul ogé kecap kantétanana saperti *émok* cabok nyaéta posisi bitisna masing-masing ditilep ka luar. Dina basa wewengkon atawa dialék muncul ogé léksikon ‘ipet’ nu hartina sarua jeung *émok*.

13) Endén, Ndén, Jeng, Ratu, Putri

Data *endén* (031), *ndén* (077), jeung *jeng* (050) kagolong kana kecap barang wancahan nu mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda, ditojokeun ka awéwé nu boga gelar bangsawan, ménak atawa budak awéwé nu bapana gelaran radén. Ari data *endén* (031) mangrupa wancahan tina *nyi radén* → *endén*, tuluy dina makéna léksikon *endén* (031) téh sok dipondokkeun deui jadi *ndén* (077).

Data *ratu* (095) jeung *putri* (092) mangrupa kecap serepan tina basa Sansekerta nu kagolong kana léksikon barang, anu ditojokeun ka wanoja nu boga kalungguhan atawa bisa ogé mangrupa kedaling kanyaah ka budak awéwé ti kolotna. Léksikon *ratu* (095) asalna tina kecap *ratu*, ari léksikon *putri* (092) tina *putri* tuluy diadopsi langsung kana basa Sunda, lantaran teu ngalaman parobahan wujud jeung harti. Dumasar kana hartina, ieu data *endén* (031), *ndén* (077), *jeng* (050), *ratu* (095) jeung *putri* (092) kagolong kana wanda rarangkén atawa properti wanoja nu nuduhkeun status sosial, lantaran sacara kultural éta léksikon téh sok dipaké ngagentraan nu saluhureun status sosialna.

Sirnaan jeung Tambahan

nyi radén → *dén* → *endén* → *ndén*

Adopsi

ratu → *ratu*

putri → *putri*

14) Erok, Erok mini, Rok mini

Data *erok* (035), *rok mini* (097), jeung *erok mini* (036) mangrupa kecap serepan tina basa Walanda *rok* nu kagolong kana léksikon barang anu nuduhkeun properti atawa rarangkén wanoja, ditojokeun kana baju awéwé éropah sarupa samping atawa sarung anu satuluyna diturutan di mana-mana. Dina makéna, léksikon *erok* (035) sok diluyukeun jeung wangun erokna saperti *erok mini* (036)

atawa *rok mini* (097) nuduhkeun wangun erok anu pondok, biasana saluhureun tuur. Léksikon *erok* (035) dina basa Sunda geus ditambahan swarabakti awal tina kecap serapanana $e- + rok \rightarrow erok$.

15) Geulang, Kurabu, Kongkorong, Kembang Goyang, Selop, Sendal jangkung

Data *geulang* (042), *kurabu* (059), *kongkorong* (057), *kembang goyang* (055), *selop* (100), jeung *sendal jangkung* (101) kagolong kana léksikon barang nu ditojokeun kana rupa-rupa properti, rarangkén, papaés atawa perhiasan wanoja sangkan leuwih punjul.

Data *geulang* (042), *kurabu* (059), *kongkorong* (057), jeung *kembang goyang* (055) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda. Dina makéna léksikon *geulang* (042), sok muncul ogé lemesna nyaéta pinggel, nu ditojokeun kana papaés atawa perhiasan anu dipaké dina pigeulang. Léksikon *kurabu* (059) kawilang loma atawa kasar, lemesna nyaéta sumer, cecepan, suweng, jeung giwang nu ditojokeun kana perhiasan anu sok dipaké dina ceuli. Ari *kongkorong* (057) mangrupa perhiasan dina beuheung wangun ranté, lemesna kangkalung. Ari *kembang goyang* (055) mah tiruan kembang tina pér nu diselapkeun dina gelung pangantén awéwé.

Data *selop* (100) jeung *sendal jangkung* (101) mangrupa kecap serepan tina basa Walanda *slof* jeung *sandalen* anu tuluy ngalaman sirnaan (sirnawekas) kana basa Sunda. Kecap *selop* (100) ditojokeun kana sendal nu nutupan sakabéh ramo suku, ari *sendal jangkung* (101) ditojokeun kana wangun sendal anu hakna leuwih jangkung pakéun wanoja.

Adopsi

Slof → selop

Sirnaan

Sandalen → sendal (Sirnawekas)

16) Geulis, Eulis, Euis, Lis, Geulis rancunit

Data *geulis* (043) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda anu kagolong kana léksikon sipat anu ditojokeun ka wanoja nu alus rupa. Dina makéna léksikon *geulis* (043) sok dipondokkeun jadi *eulis* (039), *euis*, atawa *lis*. Salian ti dipondokkeun, kecap *geulis* (043) ogé sok dikantétkeun jadi *geulis rancunit* (044) anu ditojokeun ka wanoja anu geulisna nyari. Prosés léksikalisasina saperti ieu di handap.

Sirnaan

lis
↑
geulis → eulis → euis

17) Ibu, Bu, Indung, Ema, Ma, Mamah, Mah, Mamih, Mih, Dipiindung, Pun biang, Piindung, Miindung

Data *ibu* (046), *indung* (048), *ema* (027), *mamah* (067), jeung *mamih* (068) mangrupa léksikon barang nu ditojokeun ka wanoja nu ngalahirkeun urang. Ari léksikon *ibu* (046) jeung *indung* (048) mangrupa kecap serepan tina basa Sansekerta kalawan tanpa parobahan wangun jeung harti nalika diserep kana basa Sundana atawa léksikalisasi adopsi. Ari léksikon *mamih* (068) serepan tina basa Walanda *mammie* anu diserep kalawan cara adopsi jadi *mamih*. Data *ema* (027) jeung *mamah* (067) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda. Dina makéna kecap *ibu* (046), *ema* (027), *mamah* (067), jeung *mamih* (068) sok dipondokkeun jadi *bu* (013), *embu*, *mbu*, *ma* (064), *mah* (065), *emah*, *mih* (072), *emih* atawa jadi *mimih*.

Dina wangun séjénna, léksikon *indung* (048) anu mémang tumerap ka wanoja téh nyaéta *dipiindung* (021) anu kagolong kana léksikon sipat, ditojokeun ka wanoja anu dianggap indung atawa dijadikeun indung ku saréréa. Salian ti *dipiindung*, aya ogé léksikon *miindung* nu hartina nganggap indung ka hiji wanoja. Salian ti éta, aya léksikon *pun biang* (091) dina wangun kantétan, tapi ngandung harti anu sarua jeung indung. Ari *pun-* mangrupa proklitik nu boga harti kuring, dikantétkeun jeung léksikon ‘biang’ nu mangrupa kecap serepan tina basa

Sansekerta *biyang* nu hartina indung, jadi hartina téh indung kuring. Prosés léksikalisasi kecap-kecap di luhur saupama dibagankeun saperti ieu di handap.

Sirnaan

ibu → bu

ema → ma

mamah → mah

mamih → amih → mih

Tambahan

mah → emah

Tambahan jeung Sirnaan

bu → ambu → embu → mbu

18) Kaca hias, Méja hias, Méja rias

Data *méja hias* (070) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon barang anu ditujokeun kana barang atawa tempat paranti nunda pakakas kageulisan jeung ngeunteung nalika ngaréka beungeut, biasana sok aya di kamar wanoja. Ari dina makéna léksikon *méja hias* (070) sok rupa-rupa, aya *kaca hias* (052) jeung *méja rias* (071) nu nuduhkeun harti atawa maksud anu sarua.

19) Kandungan, Kakandungan, Reuneuh, Ngandung

Data *kandungan* (054) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon barang panuduh kana kaayaan awak, anu ditujokeun kana kaayaan beuteung atawa *rahim* (093) anu keur ngeusi jabang bayi. Dina warna léksikon pagawéanana muncul léksikon *kakandungan* (053), *reuneuh* (096), jeung *ngandung* (082) anu hartina kaayaan jabang bayi dina rahim wanoja nepi ka ngalahirkeunana.

Ari léksikon *reuneuh* (096) mangrupa kecap kasar atawa lomana tina léksikon *kakandungan* (053) jeung *ngandung* (082). Dina makéna éta kecap, tangtu diluyukeun jeung kontéks situasi ngobrolna. Anapon léksikon pagawéan nu sok nyanding nalika kakandungan téh nyaéta *nyiram* (086) nyaéta kaayaan wanoja nu

kakandungan beuki nu haseum-haseum atawa sok boga paménta atawa sok disebut ogé ‘ngandeg’ nyaéta mangsa awal-awal rék kakandungan.

Ari data *rahim* (093) kagolong léksikon barang panuduh awak nu mangrupa kecap serepan tina basa Arab *rohim* anu hartina kaasih nyaéta tempat jabang bayi ngagadéan, ari orok téa salasihiji wangun kaasih Gusti ka mahlukna. Anu éta *rahim* téh minangka kodrat wanoja nu mutlak.

20) Lipensetip, Lipen, Wedak, Sédow, Erolan, Patlot Halis, Kosmétik, Mik ap, Kiték, Gelung, Ménor

Data *lipensetip* (063), *wedak* (109), *sédow* (099), *erolan* (037), *kosmétik* (058), *mik ap* (073), *kiték* (056), jeung *gelung* (041) kagolong kana léksikon barang panuduh rarangkén atawa properti wanoja anu ditojokeun kana pakakas kageulisan wanoja. Anapon ari data *lipensetip* (063), *wedak* (109), *sédow* (099), *erolan* (037), *kosmétik* (058), *mik-ap* (073), jeung *kiték* (056) mangrupa kecap serepan dina basa Sunda.

Data *lipensetip* (063) mangrupa kecap serepan ngaliwatan adopsi tina kecap kantétan basa Walanda *lippenstift*, ari léksikon *lipstik* mah tina basa Inggris *lips stick* anu hartina sarua ditojokeun kana pakakas kageulisan pikeun ngawarnaan biwir. Dina makéna léksikon *lipensetip* (063) sok dipondokkeun deui jadi *lipen* (062) wungkul.

Data *wedak* (109) mangrupa kecap serepan tina basa Kawi *wedak* nu ngalaman adopsi langsung kana basa Sunda. Anapon ari dina basa Sunda ogé aya kecap ‘pupur’, anu hartina sarua ditojokeun kana pakakas kageulisan wanoja sarupa tipung sok diulaskeun kana beungeut (awéwé).

Data *sédow* (099) diadopsi tina basa Inggris *shadow* anu hartina kalangkang, anu dina ngageulis mah dihartian minangka pupur anu leuwih kolot warnana pikeun nyieun kalangkang tulang beungeut sangkan leuwih teges.

Data *erolan* (037) ogé mangrupa kecap serepan tina basa Walanda *rol* anu satuluyna ditambahan swarabakti awal *erol* tuluy dirarangkénan jadi *erolan*, ditojokeun kana barang paranti ngagulungkeun buuk sangkan jadi kreul atawa galing.

Data *kosmétik* (058) mangrupa kecap serepan tina basa Inggris *cosmetic* anu ditojokeun kana sapuratina pakakas kageulisan. Ari data *mik ap* (073) ditojokeun kana hasil tina maké kosmétik nu geus napel dina beungeut, nu mangrupa kecap serepan dina wangun kantétan tina basa Inggris *makeup*.

Data *kiték* (056) mangrupa kecap serepan tina basa Inggris *cutex* nu kagolong kana léksikon barang anu ditojokeun kana cét paranti ngawarnaan kuku wanoja. Ari *gelung* (041) mangrupa rékaan buuk wanoja anu digulung dina hulu, kagolong kana kecap sampakan dina basa Sunda dina wangun léksikon barang nu nuduhkeun hasil. Ari data *ménor* (066) mangrupa kecap serepan tina basa Spanyol *minor* nu kagolong kana léksikon sipat ditojokeun kana dangdanan wanoja kaleuleuwih.

21) Montok, Démplon, Langsing

Data *montok* (075), *démplon* (017), jeung *langsing* (060) kagolong kana léksikon sipat nu nuduhkeun kaayaan awak. Data *montok* (075) jeung *démplon* (017) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu ditojokeun kana kaayaan awak wanoja nu ngeusi, tapi ari *démplon* mah biasana imbitna leuwih ngeusi. Ari kecap *montok* (075) jeung *démplon* (017) boga sinonimna nu lain, saperti kecap *dénok* jeung *donto*.

Data *langsing* (060) mangrupa kecap serepan tina basa Walanda *slank* nu hartina begang, sabalikna tina *montok* (075) jeung *démplon* (017). Ieu léksikon *langsing* (060) biasana ditojokeun kana kaayaan awak wanoja anu jangkung leutik, dina makéna léksikon *langsing* (060) sarua hartina jeung léksikon *lenjang*.

22) Néng, Nyai, Nyi, Enung

Data *néng* (078), *nyai* (084), *nyai* (085), jeung *enung* (034) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon barang anu ditojokeun ka wanoja nu nuduhkeun pancakaki atawa panggentra ti saluhureun ka sahandapeun. Data *néng* (078) mangrupa kecap wacahan tina léksikon *nénéng*, dina makéna léksikon *néng* sok muncul ogé léksikon *enéng* anu ditojokeun ka budak awéwé ti

golongan santana atawa budak awéwé anu dipikadeudeuh. Prosés léksikalisasina saperti ieu di handap.

Sirnaan jeung Tambahan

nénéng → néng → enéng

Data *nyai* (084) kagolong kana kecap barang anu ditojokeun ka wanoja atawa sesebutan ka budak awéwé atawa ka awéwé ti golongan biasa. Dina makéna, léksikon *nyai* (084) sok dipondokkeun deui ku sirnamadya jadi *nyi* (085).

Data *enung* (034) mangrupa wancahan tina léksikon *dunungan* anu ditojokeun ka budak awéwé nu dipupusti atawa dipikadeudeuh. Tapi dumasar kana kaayaan lapangan, di wewengkon Bogor ieu léksikon *enung* (034) sok dipaké ogé pikeun budak lalaki. Prosés léksikalisasina saperti ieu di handap.

Sirnaan jeung Tambahan

Dunungan → nung → enung

23) Nini, Ni, Enin, Eni

Data *nini* (083) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda nu kagolong kana léksikon barang nuduhkeun pancakaki, anu ditojokeun ka indungna indung atawa bapa urang. Dina makéna, léksikon *nini* (083) sok dipondokkeun deui jadi *nin* atawa *ni*.

Data *enin* (033) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda, robahan tina léksikon *nini* kalawan harti anu sarua. Dina makéna, léksikon *enin* (033) sok dipondokkeun deui jadi *eni*, anu ieu léksikon téh biasana dipaké ku budak atawa disebut basa budak. Léksikalisasina saperti ieu di handap.

Sirnaan

nini → nin → ni

Tambahan jeung Sirnaan

nin → enin → eni

24) Samping, Sinjang

Data *Samping* (098) jeung *sinjang* (102) kagolong kana léksikon barang nu ditojokeun kana kaén panjang paranti nutupan bagian awak tina beuteung nepi kana mumuncangan. Data *samping* (098) mangrupa kecap sampakan dina basa Sunda, ari *sinjang* (102) mah mangrupa kecap serepan tina basa Kawi *sinjang*, anu sacara wangun kecap teu ngalaman parobahan atawa disebut adopsi langsung. Sacara kultural, *sinjang* dianggap leuwih lemes ti batan *samping* jeung leuwih spésifik dipaké dina acara adat.

BAB V

PEDARAN

5.1 Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda

Léksikon kawanojaan nyaéta kandaga kecap anu husus dipapandékeun, dilarapkeun atawa tumerap ka wanoja. Dina ieu panalungtikan, léksikon kawanojaan dipaluruh tina tilu novel Sunda. Kapanggih aya 110 léksikon kawanojaan, anu frékwénsi makéna aya 1965 kali. Jumlah dipakéna léksikon kawanojaan aya nu réa, rata-rata, jeung aya nu saeutik, malah ngan sakali muncul.

Dumasar kana jumlah dipakéna, léksikon kawanojaan anu panglobana muncul téh nyaéta léksikon *indung* (113 frékwénsi), *awéwé* (148 frékwénsi), *ema* (180 frékwénsi), *bi* (193 frékwénsi), jeung *mamih* (195 frékwénsi). Réana ieu data muncul némbongkeun yén répréséntasi wanoja dina novel Sunda leuwih fokus kana peran domestik jeung rélasi kulawarga.

Léksikon *indung*, *ema*, jeung *mamih* mangrupa rupa-rupa sesebutan anu ditojokeun ka jalma nu ngalahirkeun urang. Munculna éta léksikon jadi gambaran anu kuat yén wanoja téh minangka jalma nu diipiindung dina rumah tangga, pola asuh, jeung répréséntasi émosi antara kulawarga jeung anak-anakna. Ari léksikon *bi* nu mangrupa wancahan tina *bibi*, nuduhkeun rélasi sosial (1) ayana tatali kulawarga jeung (2) status sosial, lantaran kecap *bi* sok digunakeun ogé keur ngageroan wanoja nu sok babantu dina urusan rumah tangga atawa babu di imah.

Léksikon *awéwé* sacara umum hartina sarua jeung *wanoja*, *istri*, *wanita* jsb. muncul sacara konsistén, jadi tanda idéntitas wanda бага tur némbongkeun citra wanoja sacara umum. Munculna léksikon *awéwé* anu konsistén némbongkeun ogé yén fokus carita téh nyaéta pikeun ngarépréséntasikeun dunya wanoja, boh dina biologisna boh dina sosialna. Dina répréséntasi biologisna dirépréséntasikeun ku munculna léksikon saperti *ngandung*, *rahim*, *geulis*, *montok*, jst. Ari dina ngarépréséntasikeun sosialna, muncul léksikon *bidan*, *endén*, *nyai*, *jeng*, *aceuk*, jst.

Ari léksikon anu pangsaeutikna muncul téh nyaéta ngan sakali, aya 32 léksikon, saperti léksikon *bikang*, *démplon*, *reuneuh*, *wanoja*, jsb. Ari sacara